# PSIXOTERAPEVTIK TOPARLARDA ISLEW HÁM PSIXOTERAPIYA HAQQINDA MAǴLIWMATLAR

**Turemuratova Aziza Begibaevna**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti assistenti.
*Azizaturemuratova85@gmail.com*
**Xalmuratova Gulmiyra Baymurat qizi**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti.
**Baymuratova Dilafruz Baxitbay qizi**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15232061

***Annotatsiya.*** *Bul izertlew psixoterapevtik toparlar menen islewdiń tiykarǵı qaǵıydaları haqqında. Izertlew dawamında psixoterapiya hám psixoterapiyaning kelip shıǵıw tariyxı, psixoterapiyaning qollanılıwı, psixoterapiya túrleri haqqında maǵlıwmatlar berip ótilgen. Psixoterapevtik aktiv metodlardan paydalanıwda psixologlarǵa tiykarǵı maǵlıwmatlar qaǵıydalar retinde keltirip ótilgen. Bul qaǵıydalardan paydalanǵan halda psixologlar trenin'lerdi shólkemlestiriwleri hám zamanagóy metodlardan paydalanıwları múmkin boladı.*

***Gilt sózler:*** *Psixologiyalıq izertlewler, psixoterapevtik aktiv, psixoterapiya, psixolog, psixologiyalıq trenin'.*

# PSIXOTERAPEVTIK GURUHLARDA ISHLASH VA PSIXOTERAPIYA HAQIDA MA'LUMOTLAR

***Annotatsiya.*** *Ushbu tadqiqot psixoterapevtik guruhlar bilan ishlashning asosiy qoidalari haqida. Tadqiqot davomida psixoterapiya va psixoterapiyaning kelib chiqish tarixi, psixoterapiyaning qo'llanilishi, psixoterapiya turlari haqida ma'lumotlar berib o'tilgan. Psixoterapevtik aktiv metodlardan foydalanishda psixologlarga asosiy ma'lumotlar qoidalar sifatida keltirib o'tilgan. Ushbu qoidalardan foydalangan holda psixologlar treninglarni tashkil etishlari va zamonaviy metodlardan foydalanishlari mumkin bo'ladi.*

***Kalit so'zlar:*** *Psixologik tadqiqotlar, psixoterapevtik aktiv, psixoterapiya, psixolog, psixologik trening.*

# INFORMATION ABOUT WORKING IN PSYCHOTHERAPEUTIC GROUPS AND PSYCHOTHERAPY

***Abstract.*** *This study is about the basic rules of working with psychotherapeutic groups. During the study, information was provided about the history of psychotherapy and the origin of psychotherapy, the use of psychotherapy, and types of psychotherapy.*

*The basic information was presented as rules for psychologists when using psychotherapeutic active methods. Using these rules, psychologists will be able to organize trainings and use modern methods.*

***Keywords:*** *Psychological research, psychotherapeutic activity, psychotherapy, psychologist, psychological training.*

Toparlıq psixologiyalıq trenin' ámeliy psixologiyadağı aktiv metodlardıń jıyındısı esaplanadı. Olar tómendegi jaǵdaylarda qollanıladı:

1) klinikalıq psixoterapiyada nevrozlardı, alkogolizmdi hám somatik keselliklerdi emlewde;

2) psixikalıq salamat insanlar menen islesiwde, ózin rawajlandırıw ushın járdem hám psixologiyalıq járdem mútájler ushın.

Biziń jumısımızda ekinshi jaǵday biz ushın áhmiyetli.

Psixologiyalıq sózlikte psixologiyalıq trenin' ámeliy psixologiyanıń tarawi sipatında kórsetiledi. Bunda baylanıs ushın qábiletlilikti anıqlaw ushın qollanıladi. Toparlıq psixologiyalıq trenin' tek ǵana sociallıq psixologiyada emes, al keń qollanılatuǵın usıllardan biri. Psixologiyalıq Trenin' iskerligi boyınsha jetekshi qánigelerden biri esaplanǵan YU.N. Emelyanovtıń pikirinshe trenin' bul adamlardıń hár qıylı jaǵdaylarda ańsat sóylesiw imkaniyatın beretuǵın usıllardan biri esaplanadı. Buǵan topardaǵı oqıw shınıǵıwların mısal etip keltiriw múmkin. Házirgi kúnge kelip trenin' ataması ótken jıllardaǵıdan da keńirek mánige iye bolmaqta. Neyrolingvistika hám akmeologiya boyınsha jetekshi qániges A.P. Sitnikovtıń pikirinshe: "Trenin' bul oqıw hám oyın xızmetin ózinde birlestiretuǵın sintetik antropotexnikalıq usılı esaplanadı." Antropotexnika bul insannıń óz qábiletlerin tábiyiy túrde rawajlandırıwǵa qaratılǵan process esaplanadı.

Antropotexnikanıń úsh túrli kórinisi bar: oqıw, oqitiw hám oyın. Trenin'ti kóp tarawlarda qollanıwdıń tiykarǵı sebeplerinen biri bul maqsetlerdi keńeytiw bolıp esaplanadı. Arnawlı basqarıw trenin'leriniń kóbeyiwi bul jeke ósiw esaplanadı. Psixologiyalıq trenin' túsinigi sonshelli keń, ol toparılıq psixoterapiya, psixokorrekciya hám oqitıw menen kesilisedi.

Trenin'niń tiykargı paradigmaları hám ózine tán ózgeshelikleri.

Trenin'ti ózine tán qásiyetleri bul ámeliy psixologiya páninen ajıratıw imkaniyatın jaratadı.

Olar tómendegilerden ibarat:

• topar iskerliginde belgili bir principlerge súyenedi;

• qatnasıwshılarǵa psixologiyalıq járdem beriwge baǵdarlanǵanlıq, bunda járdem tek trenerden emes, al qatnasıwshılardıń ózlerinen de shıǵıwı múmkin.

• turaqlı gruppanıń bar ekenligi (ádette 7 den 15 ke shekem), 2-5 kún dawamında turaqlı isleytuǵın gruppa sıpatında

• imarattı shólkemlestiriw hám anıqlastırıw (kópshilik jaǵdaylarda bul esitilmeytuǵın imarat bolǵanı maqul, qatnasıwshılar kóp waqıtların aylanbadan otırıp ótkeredi);

• topar qatnasıwshıları arasındaǵı múnásibetlerge itibar qaratıw, bunda "usı jerde hám házir" jaǵdaylarına tiykarlanǵan halda boldı;

• topar iskerliginde aktiv usıllardı qollanıw

• sáwbette erkinlik hám ashıqlıq qatnasıwshılar arasında payda ete alıw zárúr, bunda qatnasıwshılar psixologiyalıq qáwipsizlikti seziwi kerek boladı.

Trenin'niń kórinisine qarap hár qıylıların kóriwimiz múmkin. Áyne topar menen islesiw waqtında bul úlken áhmiyetke iye: eki kúnnen baslap bir jilga shekem. Kishi toparlar ishindegi nizamlılıqlardıń rawajlanıwı trenin'niń tiykargı ózgesheliklerinin biri bolip esaplanadı. Trenin'te úsh tiykargı basqısh bar: baslanǵısh iskerlik, jumıs iskerligi hám juwmaqlawshı iskerlik. Ayırım jaǵdaylarda bular tómendegishe talqılanadı: "jaqtıń eriwi," "ózgeris," "muzlatıw."

Trenin'ti psixologtıń dúnyaǵa kózqarasına ayrıqsha itibar qaratqan halda ámelge asırıladi.

Trenin' paradigmaları hár qıylı bolıwı múmkin:

1. Psixologiyalıq trenin' ózine tán dressirovka usılı bolıp, bunda tásir arqalı ózińiz qálegen jaǵdaydı keltiriw múmkin, unamsız tásir arqalı kerek emes sózler umıtıladı;

2. Psixologiyalıq trenin' shınıǵıwǵa uqsaydı, bunıń nátiyjesinde bilim hám kónlikpelerdi analizlew hám qáliplestiriw múmkin, olar unamlı minez-qulıqlardı qáliplestiriwi múmkin.

3. Psixologiyalıq trenin' aktiv oqıtıw usılı sıpatında, onıń maqseti psixologiyalıq bilimlerdi beriw hám bilim hám kónlikpelerdi rawajlandırıw bolıp esaplanadı.

4. Psixologiyalıq trenin' ózin kórsetiw usılı sıpatında, bunda qatnasıwshılar óz betinshe sheshimge keledi.

Joqarıda keltirilgen paradigmalar óziniń basqarılıw dárejesinde tómendegishe jaylasqan. "dressirovkalawshı" ózgerislerdegi juwapkershilikti ózine aladı, topardaǵı túsiniklerge qızıqpaydı ishki processlerdi esapqa almaydı. "Trener" tek kishi juwapkershiliklerdi esapqa aladı. "Oqıtıwshı" qatnasıwshılar menen birge islesiw jumısın ámelge asırıwı múmkin, biraq qatnasıwshılarǵa tolıq juwapkershilikti bermeydi. "Jetekshi" qatnasıwshılardıń ózi ushın juwapkershilikti óz moynına alıwı múmkin, olardıń shárt-sharayatların jaqsılaydı. Psixologiyalıq trenin' túsiniginiń túrli jaǵdayları túrlishe talqılaw imkaniyatın jaratadı. Qánigelerdi túrli atama menen ataw imkaniyatın beredi: basshı, topar direktorı, ekspert, fasilitator, basqarıwshı hám basqalar.

Durıs, hár qanday trenin’di joqarıda atap ótilgen toparlarǵa bóliw múmkin emes, sebebi trenin’ aldına túrli wazıypalar qoyılıwı múmkin. kóplegen ádebiyatlarda trenin’ ótkeriwshiniń ornı trenin’ qanday bolıwın belgileytuǵını atap ótilgen.

Hár qıylı mekteplerde hár qıylı baǵdarlar menen trenin’ler ótkeriliwi múmkin.

Topar dinamikası procesleri.

1."Toparlıq psixoterapiya," "toparlıq psixokorrekciya" hám "toparlıq trenin’" túsinikleriniń óz ara qatnası.

2.Psixologiyalıq trenin’ haqqında uliwma túsinikler.

3.Trenin’niń tiykargı paradigmaları hám ózine tán ózgeshelikleri.

"Toparlıq psixoterapiya," "toparlıq psixokorrekciya" hám "toparlıq trenin’" túsinikleriniń óz ara baylanısı.

Toparlıq psixologiyalıq iskerlikte bir qatar atamalar kóbirek qollanıladı. Bular toparlıq psixoterapiya, psixokorrekciyalıq topar, tájiriybe toparı, trenin’ toparı, aktiv oqıtıw toparı, ámeliy eksperimental laboratoriya. Kóbinese avtorlar bir gruppanı hár túrli at penen ataydı. Bunıń sebebi, ámeliy psixologiya jańa pán ekenliginde. Bul pán psixoterapiya hám psixokorrekciya menen birgelikte dawam etedi. Psixoterapiya, psixokorrekciya, oqitiw arasındaǵı parıqlar bir-birine baylanıslı boladı. Túrli toparlar ishinde "trenin’ toparı" túsinigi keńirek qollanıladı.

Trenin’ toparları bul arnawlı shólkemlestirilgen topar bolıp, bunda qatnasıwshılar psixolog basqarıwshı járdeminde intensiv tárizde tájiriybe almasadı, hár bir qatnasıwshıǵa járdem beriwge háreket etedi.

Psixologiyalıq trenin’ psixolog tásir etetuǵın jańa usıl esaplanıp, psixologiyalıq járdemge mútáj adamlarǵa psixoterapiya hám psixokorrekciya qılıw imkaniyatın beredi. Bul terminler arasında ayırmashılıqlar da bar. Psixoterapiya túsinigi bul verbal hám verbal emes emociyaǵa, pikirge, insandaǵı psixikalıq, nerv hám psixosomatik keselliklerdi kompleksli túrde emlew usılı bolıp esaplanadı.

Shártli túrde psixoterapiyani klinikalıq baǵdarlanǵan psixoterapiya (mavjud simptomlardı saplastırıwǵa qaratılǵan) hám shaxsqa baǵdarlanǵan psixoterapiyaǵa (adamlarǵa óz qatnasıqların ózgertiwge járdem beretuǵın) ajıratıw múmkin.

Psixologiyalıq korrekciya bul psixologiyalıq tásirdi ol yamasa bul psixologiyalıq sistemaǵa baǵdarlaw bolıp, shaxstıń tolıq rawajlanıwı hám xızmet kórsetiwi esaplanadı.

**REFERENCES**

1. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
2. Turemuratova, Aziza, and Kamola Yoldasheva. "PSYCHOLOGICAL CONFIDENTIALITY OF THE FORMATION OF STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR APPROACHES IN EDUCATION." Modern Science and Research 4.4 (2025): 262-269.
3. Turemuratova, Aziza, Shahlo Matmuratova, and Nargisa Tajieva. "THE DEPENDENCE OF MULTI-VECTOR APPROACHES ON PEDAGOGICAL METHODS AND PSYCHOLOGICAL TRAINING IN IMPROVING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON THE EDUCATIONAL PROGRAM." Modern Science and Research 4.4 (2025): 50-55.
4. Turemuratova, Aziza, and Marhabo Kenjayeva. "KO’P VEKTORLI YONDASHUVLAR ASOSIDA TALABALARNING KOLLOBORATIV KO’NIKMALARINI RIVOJLANTIRISHNING PSIXOLOGIK TRENING USLUBI." Modern Science and Research 4.4 (2025): 252-261.
5. Turemuratova, Aziza, Umida Uzakbaeva, and Dilafro‘z Nuriyeva. "BASIC CONCEPTS OF FAMILY PSYCHOLOGY AND OVERCOMING PSYCHOLOGICAL PROBLEMS." Modern Science and Research 4.4 (2025): 104-109.
6. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "RESEARCH ON IMPROVING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR PSYCHOLOGICAL TRAINING APPROACHES."
7. Begibaevna, Turemuratova Aziza, Kushbaeva Indira Tursinbaevna, and Dawletmuratova Raxila Genjemuratovna. "THE MAIN ESSENCE OF DEVELOPING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR PEDAGOGICAL APPROACHES IN MODERN EDUCATION."
8. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Program Technology for Choosing an Effective Educational Methodology Based on Modern Pedagogical Research in The Educational System." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 6.02 (2025): 30-33.
9. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "USE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON THE MODERN EDUCATIONAL PROGRAM TO INCREASE THE EFFECTIVENESS OF EDUCATION." European International Journal of Pedagogics 4.06 (2024): 26-33.

10. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
11. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.
12. Jarasovna, Kurbanova Rita. "The Role of National Values in Shaping the Aesthetic Worldview of Schoolchildren." International Journal of Pedagogics 5.03 (2025): 55-58.
13. Asamatdinova, J., and B. Saidboeva. "Diagnosis and Correction of the Development of Value Orientation in Students in the Process of Moral and Aesthetic Education." JournalNX 9.6 (2023): 274-277.
14. Muratbayevna, Dauletova Gozal, and Madaminova Nargiza Qurbanbayevna. "BOLANING RIVOJLANISH DAVRI PSIXOLOGIYASI." Scientific Impulse 1 (2022): 33-35.
15. Jansulu, Tursinbaeva, and Mambetiyarova Venera. "SOTSIAL PSIXOLOGIYADA SHAXS MUAMMOSI." (2024).